

# MyPBA: Aksè ak Benefis Pansyon Mwen

*Nòt: Lyen yo ka mennen ou nan yon paj wèb an Anglè*

## Kreye yon Kont Login.gov pou jwenn Aksè a MyPBA

[MyPBA/Login.gov](#) PDF sa a dekri etap pou kreye yon kont Login.gov pou jwenn aksè a MyPBA. Li gen ladan tou yon Gid Depanaj ki genyen kesyon ak repons komen yo.

Pou pi bon eksperyans, tanpri itilize **Microsoft Edge** oswa **Google Chrome**

Ou gen kesyon? Gade [FAQ MyPBA yo](#).

## Ede kenbe enfòmasyon w an sekirite

[Aprann](#) sou pwoteje tèt ou kont imèl èskrokri.

## Nòt pou Filers Premium yo

MyPBA se pou plan patisipan yo, ki fè PBGC konfyans pou jere benefis yo. Pou jwenn aksè nan sistèm pèman premium lan, tanpri vizite [My PAA](#).

Baze sou fidbak ou, PBGC te amelyore eksperyans sou entènèt ou ak aksè siplemantè ak aksè ki pi fasil, asosye ak Login.gov pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou lè w ap fè biznis ak PBGC sou entènèt.

Ou elijib pou yon kont MyPBA si yo dwe benefis ou nan yon [plan ke PBGC fè konfyans](#). Sa gen ladann kliyan k ap resevwa benefis kounye a ansanm ak moun ki gen dwa ak benefis alavni.

Kont nouvo itilizatè Aksè ak Benefis Pansyon Mwen (MyPBA) ak sa ki te la deja, dwe kreye yon [kont Login.gov](#) pou jwenn aksè ak vèsyon MyPBA ki amelyore an. Yo itilize pwosesis sekirite Login.gov lan pou verifye idantite w epi pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou. Yon fwa ou kreye kont Login.gov ou, li pral pran apeprè 20 minit pou nouvo kont MyPBA ou pare. Lè li fini, w ap kapab jwenn aksè ak enfòmasyon kont MyPBA ou. Avèk nouvo kont sa a, modpas ou pa pral ekspire.

### Men sa ou pral bezwen pou ou enskri:

- Adrès Imèl ki bon
- Nimewo telefòn (Nou prefere telefòn mobil)

- Pyès Idantite aktyèl Leta a bay (foto devan an ak dèyè kat la)

### **Jwi benefis sa yo:**

- Gade fòm taks 1099-R ou a
- Jwenn yon lèt ki verifye revni PBGC ou
- Mete ajou adrès ou, kontak, ak enfòmasyon bankè ou
- Mete ajou prelevman taks federal ou
- Mande yon estimasyon benefis
- Aplike pou benefis yo

**Ou ap chèche 1099-R ou nan MyPBA?** Sèvi ak yon navigatè Chrome oswa Edge, ale nan ekran paj dakèy MyPBA a epi klike sou ikòn "Fòm 1099 mwen an (yo)". Sa a mennen ou nan yon paj ki prezante "Plan mwen yo." Tcheke bwat kare ki akote non plan an (yo) pou 1099 (yo) ou vle telechaje yo. Apre sa, klike sou bouton ble "Montre fòmilè taks chwazi yo" pou telechaje fòm taks PDF ou a (yo). Pou plis èd, gade [fèy referans pou Telechaje 1099](#) nou an.

**Fòm 1099-R IRS Distribisyon:** Fòm 1099-R IRS ou a, pou benefis PBGC peye, ap voye ba ou pa lapòs atravè Sèvis Postal Ameriken an anvan 31 janvyè 2024. Tanpri pran pasyans pou livrezon an. Fòm 1099-R IRS ou a ap disponib pou telechaje ak enprime nan MyPBA apati 2 fevriye 2024 oswa apre.